



## Aplikasyon Ajan Atlèt

Tanpri pran tan pou li enstwikeyon yo ki nan blòk dokiman sa a avèk anpil atansyon anvan ou kòmanse ranpli fòm aplikasyon an. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo, epi sa ap lakòz ou jwenn reta pou resevwa lisans ou. Si ou manke bay nenpòt enfòmasyon, si ou bay enfòmasyon ki pa egzat oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon, nou ka konsidere sa kòm rezon ki ase pou refize yon anrejistremant, oswa sa kapab lakòz nou sispann oswa anile yon anrejistremant nou te ba ou deja.

### Sa ki nan blòk dokiman sa a?

Gwoup dokiman sa a gen ladan tout sa ou bezwen pou aplike nan Depatman-Deta pou yon sètifika anrejistremant kòm yon ajan atlèt nan Eta New York.

Yon aplikasyon ki ranpli ap gen ladan aplikasyon 4 paj ki ranpli nèt ak siyen; frè aplikasyon an ki se \$100 dola pou moun ki aplike apa, Dokiman Sipleman A, B ak nenpòt lòt dokiman nou mande ou.

### Kisa yon Ajan Atlèt ye?

Lwa Eta New York (Atik 39-E Lwa Jeneral sou Biznis) defini yon ajan atlèt kòm nenpòt moun ki fè yon kontra ajans avèk yon atlèt elèv oswa, dirèkteman oswa endirèkteman, rekrute oswa mande yon atlèt elèv pou antre nan yon kontra ajans.

### Kimoun ki pa konsène nan lwa sa a?

Sa ki pa dwe nan anrejistremant an fòmèlman se madanm/mari, paran, frè/sè, granparan oswa responsab legal atlèt elèv la, oswa moun ki ajè poukont yo sou non yon ekip espò pwofesyonèl oswa òganizasyon espò pwofesyonèl.

### Ki frè aplikasyon an epitou ki dire anrejistremant?

Frè aplikasyon ki pa ranbousab pou anrejistremant yon ajan atlèt se \$100 dola; anrejistremant an ap anvigè pandan dezan.

### Ki fòm peman ou aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa avèk chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State oswa ou ka peye nenpòt frè avèk MasterCard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi. Pa voye lajan kach. **Nou pa ranbouse frè aplikasyon an.** W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

### Deklarasyon konsènan Sipò Timoun

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. **Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò**

**timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim klas E.

### AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE

#### Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID Federal mwen sou aplikasyon an?

Wi, si ou gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, ou gen obligasyon pou bay nimewo sa a. Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo federal Sekirite Sosyal ak nimewo federal Idantifikasyon Patwon tout moun ki gen lisans yo. Otorizasyon pou mande ak konsève enfòmasyon pèsònèl yo endike nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa Obligasyon Jeneral. Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize pou objektif administrasyon fiskal ak nenpòt lòt objektif Lwa Fiskal otorize epi ajans ranfòsman sipò timoun oswa reprezantan otorize ajans sa a oswa lòt eta dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal ka itilize enfòmasyon to pou detèmine, modifiye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Direkèt Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

*Li enpòtan pou ou fè divizyon an konnen nenpòt chanjman nan adrès biznis ou pou ou kapab resevwa avi pou renouvèlman yo ak nenpòt lòt notifikasyon ki gen pou wè ak anrejistremant ou.*

### ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan [www.elections.ny.gov/votingregister.html](http://www.elections.ny.gov/votingregister.html) Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York ( NYS Voter Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou [www.ny.gov/services/register-vote](http://www.ny.gov/services/register-vote).



# Division of Licensing Services

New York State  
**Department of State**  
**Division of Licensing Services**  
P.O. Box 22001  
Albany, NY 12201-2001  
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429  
www.dos.ny.gov

## Aplikasyon Ajan Atlèt

**Ou dwe reponn chak kesyon epitou ou dwe EKRI repons yo an LÈT DETACHE avèk plim nwa oswa ble.  
Frè ou Dwe Peye: \$100**

NON FANMI MOUN KI APLIKE

PRENON DEZYÈM PRENON TIT (PA EGZANP, SR/JR/III)

ADRÈS KAY - NIMEWO KAY LA AK RI A (OU KA METE BWAT POSTAL POU ASIRE OU RESEVWA DOKIMAN AN) APATMAN/INITE/BWAT POSTAL

VIL ETA KÒD POSTAL+4 chif

KONTE

NON BIZNIS OSWA PATWON

ADRÈS PRENSIPAL BIZNIS LAN - NIMEWO KAY (OBLIGATWA - OU KA METE BWAT POSTAL POU ASIRE OU RESEVWA DOKIMAN AN) APATMAN/INITE/BWAT POSTAL

VIL ETA KÒD POSTAL+4 chif

KONTE

TELEFÒN POU KONTAK LAJOUNEN (ANSANM AVÈK KÒD REJYONAL LA) NIMEWO FAKS - SI OU GENYEN (ANSANM AVÈK KÒD REJYONAL LA)

ADRÈS IMÈL (SI OU GENYEN) DAT OU FÈT

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OSWA ID FEDERAL KONTRIBYAB (GADE ENSTWIKSYON YO - AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE)

## A. KESYON DEBAZ YO

**Reponn kesyon sa yo. Pou fè sa, tcheke swa "WI" oswa "NON" WI oswa NON**

- Èske te gen yon detèminasyon administratif oswa jidisyè ki te endike ou te bay manti, ou te bay enfòmasyon ki gen erè, ou te fè fwod? .....  
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak detèminasyon ajans lan, si genyen. \_\_\_\_\_
- Èske te janm gen yon egzanzp kote konduit ou te lakòz ou anba yon sanksyon, sispansyon oswa deklarasyon ki fè konnen ou pa kalifye pou patisipe nan yon evènman atletik entèskolè oswa entè-kolèj sou nan yon enstitisyon edikasyonèl? .....  
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak detèminasyon ajans lan, si genyen. \_\_\_\_\_
- Èske te janm gen nenpòt sanksyon, sispansyon oswa aksyon disiplinèl yon ajans gouvènman ki bay lisans oswa yon ajans ki prèske ajans gouvènman ki bay lisans te pran kont ou oswa yon pwosesis ki te soti nan yon konduit pwofesyonèl oswa nan yon konduit nan metye? .....  
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak detèminasyon ajans lan, si genyen. \_\_\_\_\_

# Aplikasyon Ajan Atlèt

WI oswa NON

4. Èske te janm gen nenpòt refi pou yon aplikasyon, yon sispansyon oswa yon anilasyon oswa yon refi pou renouvle anrejistreman oswa Lisans moun ki aplike oswa nenpòt moun ki endike dapre pwoblèm espòtif pou fanm yo, jan li apwopriye?  
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak detèminasyon ajans lan, si genyen. \_\_\_\_\_
5. Èske lajistis te janm kondane ou nan eta sa a oswa lòt kote pou nenpòt krim oswa zak ki se yon deli oswa yon krim?  
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe soumèt yon eksplikasyon alekri pou bay kote a, jiridiksyon tribinal la, kalite zak la, santans lan ak/oswa lòt dispozisyon. Ou dwe soumèt yon kopi dokiman akizasyon an (pa egzanp, zak akizasyon, enfòmasyon kriminèl oswa plent lan) ak yon Sètifika Dispozisyon an. Si ou posede oswa si ou te resevwa yon Sètifika Soulajman nan Andikap, Sètifika Bon Konduit oswa Padon Egzekitif, ou dwe soumèt yon kopi ansanm avèk aplikasyon sa a. \_\_\_\_\_
6. Èske gen nenpòt akizasyon kriminèl (deli oswa krim) ki pandye sou tèt ou nan nenpòt tribinal nan eta sa a oswa lòt kote?  
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe soumèt yon kopi dokiman akizasyon an (pa egzanp, zak akizasyon an, enfòmasyon kriminèl, oswa plent). \_\_\_\_\_
7. Èske gen nenpòt lisans, pèmi, komisyon, anrejistreman oswa aplikasyon pou yon lisans, pèmi, komisyon, oswa anrejistreman ki pou ou oswa pou yon konpayi kote ou ye oswa èske yon direktè oswa anlwaye nan Eta New York oswa lòt kote te janm jwenn revokasyon, sispansyon, oswa refi nenpòt eta, teritwa oswa jiridiksyon gouvènman oswa peyi etranje pou nenpòt rezon?  
→ SI OU REPONN "WI," ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak detèminasyon ajans lan, si genyen. \_\_\_\_\_

## B. LÒT ENFÒMASYON. OU DWE RANPLI DOKIMAN SIPLEMANTÈ YO

Reponn kesyon ki annapre yo. Pou fè sa tcheke swa "WI oswa "NON"

WI oswa NON

1. Èske ou te bay non, adrès ak nimewo telefòn twa (3) moun ki pa gen relasyon avèk ou epi ki vle sèvi kòm referans? (Gade Seksyon C, Referans yo) \_\_\_\_\_
2. Èske ou te bay non tout biznis oswa metye ki angaje pou senkan imedyatman anvan ou soumèt aplikasyon sa a? (Gade Dokiman Siplemanchè A, I). \_\_\_\_\_
3. Èske ou te bay lis tout fòmasyon fòmèl, eksperyans pratik, ak nivo edikasyon ki gen pou wè ak aktivite pwofesyonèl ou yo antan yon ajan atlèt? (Gade Dokiman Siplemanchè A, II) Si pa genyen, endike. \_\_\_\_\_
4. Èske ou te bay non tout moun ki enterese sou plan finansye? (Gade Dokiman Siplemanchè A, III). \_\_\_\_\_
5. Èske ou bay lis non, espò ak dènye ekip ou konnen pou chak moun ou te pran desizyon pou yo kòm yon ajan atlèt pandan 5 ane ki vini anvan dat ou soumèt aplikasyon sa a? (Gade Dokiman Siplemanchè B) Si pa genyen, endike. .... \_\_\_\_\_

## C. REFERANS

Tanpri bay non, adrès ak nimewo telefòn twa (3) moun ki pa gen relasyon avèk ou epi ki vle sèvi kòm referans.

1. Non Moun nan: \_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_
2. Non Moun nan: \_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_
3. Non Moun nan: \_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

## D. DEKLARASYON KONSÈNAN SIPÒ TIMOUN

---

---

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa anba yon obligasyon pou peye sipò timoun OSWA si mwen anba yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa reta kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman avèk egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan re-peman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite siplemantè.

## E. KONFIMASYON MOUN KI APLIKE A (TOUT MOUN KI APLIKE)

---

---

Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, TOUT deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a, ak dokiman siplemantè yo, se deklarasyon ak dokiman ki vrè ak kòrèk. Answit mwen konfime mwen te epi konprann dispozisyon Atik 39-E Lwa Jeneral sou Biznis (General Business Law).

X \_\_\_\_\_

*Siyati Moun ki Aplike*

*Dat Siyati a*

*Ekri Non ou an Lèt Detache:* \_\_\_\_\_